

Konfidansyalite avoka-kliyan

Kominikasyon konfidansyèl ak avoka w la

Kominikasyon ant ou menm ak avoka w la konfidansyèl sof si w vle ke avoka a pataje enfòmasyon an.

“Konfidansyèl” vle di avoka w la ak manm pèsonèl legal li yo pa gen dwa pataje enfòmasyon sou ou ou byen sou dosye w la ak kèlkeswa moun nan sof si w te otorize l fè sa. Gen yon lwa ou byen yon òdonans tribinal ki ka oblije avoka w la pataje enfòmasyon w yo, men, lwa sa pa aplike souvan.¹

Nan “kominikasyon” gen imèl, apèl telefòn, ak konvèsasyon fasafas.

Lè ou pral nan yon odyans nan tribinal, oswa ou pral fè yon depozisyon, pa egzantp, yo ka mande avoka w la bay enfòmasyon sou dosye w la, men li pa ka pataje enfòmasyon konfidansyèl ou yo si li pa t dakò avèk ou anvan pou l fè sa.

Kominikasyon yo kapab konfidansyèl si:

- Ou pale ak avoka w la pou kont ou.
- Ou pale ak avoka w nan yon espas kote lòt moun pap tande konvèsasyon an.
- Ou pa rakonte lòt moun sa w pale ak avoka w.
- Ou pa kite lòt moun wè imèl, mesaj tèks ak lòt enfòmasyon ki sanble ak kominikasyon ou te genyen ak avoka a.
- Ou pa pale ak avoka w devan lòt moun, men, sèlman moun ki ap ede w -ak avoka a (tankou pa egzantp, yon entèprèt).

Kominikasyon yo kapab PA konfidansyèl si:

- Ou pale ak avoka w devan yon lòt moun ki pa la pou ede w nan enfòmasyon w ap bay avoka a.

¹ Si w ap travay nan yon jiridiksyon kote avoka yo gen yon pi gwo bezwen pase sa ki nòmal la pou pataje enfòmasyon ki konfidansyèl yo, chanje langaj ki la a pou li reflete sa.

- Ou pale ak avoka a nan yon espas piblik, tankou yon asansè, yon bis oswa yon kafeterya kote lòt moun ka tande konvèsasyon an.
- Ou fè lòt moun konnen sou ki sa ou menm ak avoka a te pale.
- Ou pataje imèl, nòt ekri oswa lòt kominikasyon ou te genyen ak avoka w ak lòt moun.

Tanpri, pa bliye poze avoka w la nenpòt kesyon sou ki jan kesyon konfidansyalite a fonksyone.

Privilèj avoka-kliyan

Privilèj avoka-kliyan an se yon regleman konsènan ki enfòmasyon avoka yo ka pataje sou kliyan yo nan tribinal oswa lòt pwosedi legal yo epi ki enfòmasyon ki dwe rete konfidansyèl, menmsi yon jij, yon ofisye nan odyans lanou byen yon lòt pati ta mande l. Règleman privilèj la vle di avoka w la p ap pataje sa ou te pale avèk li ou byen sa ou te ekri voye ba li ak okenn lòt moun sof si w te ba li otorizasyon pou fè sa. Privilèj la ka aplike pou yon odyans, yon pwosè ou byen pou yon pwosedi menm jan an

Avoka w la ka fè w konnen nenpòt eksepsyon ki gen nan règleman privilèj la.

Privilèj la pwoteje kominikasyon konfidansyèl yo sèlman. Nan kominikasyon konfidansyèl yo, gen konvèsasyon, nòt ekri, ak lòt fòm kominikasyon ou menm ak avoka w la genyen sou dosye w la.

Si w ta wè yon moun gen entansyon pou kenbe ou byen kopye yon konvèsasyon, imèl, mesaj tèks ak lòt kominikasyon w te genyen ak avoka w la, donk, kominikasyon sa a pa konfidansyèl. Menmsi ou gen entansyon kenbe enfòmasyon konfidansyèl yo, men, ou te fè yon lòt moun konnen li san ou pa t vle, enfòmasyon sa ka pa konfidansyèl ankò. Pale ak avoka w la si ou te gentan pataje enfòmasyon yo ak lòt moun san w pa t vle.

An jeneral, ou ka bay prèv yon kominikasyon konfidansyèl lè w montre ou pa t pataje l avèk lòt moun ou byen ou pa t bay lòt moun pèmisyon pou yo la pandan konvèsasyon an.

Si ou bezwen yon moun akonpaye w lè pral pale ak avoka a, tanpri, di avoka a sa anvan. Avoka ap fè w konnen egzijans legal ki genyen nan kesyon konfidansyalite a epi si prezans yon lòt moun ka afekte privilèj avoka-kliyan an tou.

Pou plis enfòmasyon, gade fich enfòmasyon sou konfidansyalite avoka-kliyan nou an epi ak prezans yon lòt moun lè w ap rankontre ou byen pale ak avoka w la.

Èske yon moun ka vin avè m lè m ap pale ak avoka m nan?

Tout kominikasyon w genyen ak avoka w la ka yon privilèj sèlman si yo konfidansyèl. (Pou plis enfòmasyon, tanpri, gade esplikasyon nou bay sou kesyon konfidansyalite ak privilèj avoka-kliyan an.)

Yon fason ou ka kenbe kominikasyon w yo konfidansyèl se pa pale ak avoka w devan lòt moun. (Sou prezans manm pèsònèl legal avoka a sa pa gen efè sou privilèj la).

Règleman pou pa gen okenn moun prezan nan moman w ap pale ak avoka w la gen yon eksepsyon. An jeneral, ou ka gen yon kominikasyon konfidansyèl ak avoka w pandan gen lòt moun la si prezans moun sa “nesesè yon fason ki rezonab” pou kominikasyon an.² Sa vle di si moun nan ka pèmèt kominikasyon an fèt pi byen ant ou menm ak avoka a. Yon moun ka nesèsè yon fason ki rezonab pou kominikasyon an, pa egzanp, si yo ta bezwen yon entèprète.

Kèk fason ke prezans moun yo ka pa rezonableman nesèsè si :

- Yo la pou ede moun nan santi li alèz. Pa egzanp, si yo mennen w nan kabinè avoka a epi yo pa vle rete tann ou nan machin nan.
- Yo prezan paske yo vle konnen ki sa w ap regle ak avoka a.
- Ou ka kominike byen san prezans yo.

Tanpri, pa bliye poze avoka w la nenpòt kesyon pou ka konnen si yon moun ka la avèk ou lè w ap pale avèk li.

©2022 Victim Rights Law Center. This project was supported by grant number 2015-TA-AX-K025 awarded by the Office on Violence Against Women, U.S. Department of Justice. The opinions, findings, and conclusions expressed are those of the author(s) and do not necessarily represent the views of the U.S. Department of Justice.

² Adapte enfòmasyon sa a selon lwa ki nan jiridiksyon w lan konsènan prezans kèk moun pandan kominikasyon yo.

ALTA Language Services, Inc.

Translation Certification

Document(s): Attorney-Client Confidentiality
Original Language: English
Target Language: Haitian Creole
Project Manager: Doug Horwich
Job Number: 123937

Sworn and subscribed before me
on August 12, 2022



Notary Public, Gwinnett County, Georgia
My commission expires February 9, 2024

This is to certify that we have provided a complete and accurate Haitian Creole translation of the original English document and that the translator is competent to translate from English into this language, to the best of my knowledge.

Director
ALTA Language Services, Inc.
3355 Lenox Road, Suite 510
Atlanta, GA 30326
404-920-3838

